



American  
Heart  
Association.

## Fich Enfòmasyon Estatistik Pèsonalize 2026 sou Maladi Kè ak Maladi Kadyovaskilè - Gason ak Maladi Kadyovaskilè Ozetazini

### Maladi Kadyovaskilè (CVD) (ICD-10 I00 jiska I99)

- Selon done 2021 jiska 2023 yo, 53.7% gason ki gen 20 lane ak plis yo te gen kèk fòm CVD, parapò ak 44.1% fanm.
- Selon done 2021 jiska 2023 yo, nan gason ki gen 20 lane ak plis yo, 63.0% nan gason Nwa (NH) ki pa Ispanik yo, 53.2% gason Ispanik, 52.8% nan gason Blan NH yo, ak 48.6% nan gason Azyatik NH yo te fè kèk fòm CVD.
- Nan lane 2023, CVD te lakòz lanmò 482 719 gason Etazini (52.7% lanmò akòz CVD).
- Nan lane 2023, to mòtalite ki ajiste selon laj pou CVD kòm kòz alabaz lanmò yo se te 263.0 sou chak 100 000 pou gason epi 180.2 pou chak 100 000 pou fanm.
- Nan lane 2022, 55 390 pontaj periferik te reyalize epi 36 355 se te lakay gason yo. Nan 435 895 pwosedi entèkansyon kowonaryen pèkitane ki te reyalize yo, 295 040 se te lakay gason.
- Nan lane 2024, 4572 transplantasyon kè te reyalize Ozetazini, yon chif rekò. Nan sila yo, 71.8% se te lakay gason yo.

### Maladi Kè Kowonaryen (CHD) (ICD-10 I20 jiska I25 [gen ladan Enfaktis Myokad (MI) ICD-10 I21 jiska I22])

- Selon done soti 2021 jiska 2023, 9.9 milyon gason (6.9% nan adilt gason yo) 20 lane ak plis te fè CHD; 5.7 milyon gason (3.8% nan adilt gason yo) te gen yon istwa enfaktis myokad (MI).
- Pami gason ki gen 20 lane ak plis yo ant lane 2021 ak 2023, 7.6% nan gason Blan NH yo, 5.6% nan gason Ispanik yo, 5.0% nan gason Nwa NH yo, epi 4.4% nan gason Azyatik NH yo te fè CHD.
- Pami gason ki gen 20 lane ak plis yo ant lane 2021 ak 2023, 4.4% nan gason Blan NH yo, 3.2% nan gason Nwa yo, 3.0% nan gason Ispanik yo, epi 1.5% nan gason Azyatik NH yo te fè yon MI pase.
- Selon done ki soti nan lane 2005 jiska 2014, laj mwayen nan premye MI se 65.6 lane pou gason yo epi 72.0 lane pou fanm yo.
- CHD se te kòz alabaz pou lanmò lakay 212 218 gason nan lane 2023 (60.7% nan tout lanmò akòz CHD yo); 56 429 gason te mouri avèk MI kòm kòz alabaz lanmò (60.5% nan tout lanmò MI yo).
- Nan lane 2023, to mòtalite ki ajiste selon laj pou CHD kòm kòz alabaz lanmò yo se te 113.5 sou chak 100 000 pou gason epi 56.8 pou chak 100 000 pou fanm.
- Nan lane 2023, to mòtalite ki ajiste selon laj pou MI kòm kòz alabaz lanmò yo te 29.5 sou chak 100 000 pou gason epi 15.4 pou chak 100 000 pou fanm.

### Estwòk (ICD-10 I60 jiska I69)

- Ant lane 2021 ak 2023, prevalans estwòk pami gason ki gen 20 lane ak plis yo se te 4.7 milyon (3.3% nan gason yo) vs. 4.3 milyon pami fanm yo (2.6% fanm).
- Pami gason ki gen 20 lane ak plis yo, pousantaj sa yo te fè yon estwòk nan pase: 3.9% nan gason Nwa NH yo; 3.9% nan gason Azyatik NH yo, 3.5% nan gason Ispanik yo, epi 3.5% nan gason Blan yo.
- Nan lane 2023, estwòk te lakòz lanmò 70 920 gason (43.6% nan tout lanmò akòz estwòk).
- Nan lane 2023, to mòtalite ki ajiste selon laj pou estwòk kòm kòz alabaz lanmò yo se te 39.3 sou chak 100 000 pou gason epi 38.1 pou chak 100 000 pou fanm.

### Arè Kè Toudenkou (SCA) (ICD-10 I46.0, I46.1, I46.9, I49.0)

- Nan lane 2023, te genyen 10 080 lanmò gason avèk kòz alabaz SCA (55.6% nan lanmò SCA yo).
- Nan lane 2023, to mòtalite ki ajiste selon laj pou SCA kòm kòz alabaz lanmò yo se te 5.3 sou chak 100 000 pou gason epi 3.4 pou chak 100 000 pou fanm.
- Nan lane 2023, te genyen 202 399 lanmò gason avèk nenpòt masyon SCA sou sètifika lanmò yo (53.2% nan tout lanmò ki masyon SCA yo).
- Nan lane 2023, to mòtalite ki ajiste selon laj pou SCA kòm kòz alabaz lanmò yo te 107.9 sou chak 100 000 pou gason epi 75.3 pou chak 100 000 pou fanm.

### Ensifizans Kadyak (HF) (ICD-10 I50)

- Apeprè 4.3 milyon adilt (3.0% nan gason adilt yo) ki gen 20 lane ak plis ant 2021 ak 2023 te fè HF.
- Ant 2021 ak 2023, prevalans HF pou gason ki gen 20 lane ak plis yo te 3.6% nan gason Nwa NH yo; 3.0% nan gason Blan NH yo, 2.3% nan gason Ispanik yo, epi 1.3% nan gason Azyatik NH yo.
- Nan lane 2023, te genyen 43 101 lanmò gason akòz HF (48.0% nan tout lanmò HF yo).
- Nan lane 2023, to mòtalite ki ajiste selon laj pou HF kòm kòz alabaz lanmò yo te 24.6 sou chak 100 000 pou gason epi 19.1 pou chak 100 000 pou fanm.
- Nan lane 2023, te genyen 211 047 lanmò gason avèk nenpòt masyon HF sou sètifika lanmò yo (50.5% nan tout lanmò ki masyon HF yo).
- Nan lane 2023, to mòtalite ki ajiste selon laj pou HF kòm kòz alabaz lanmò yo se te 118.6 sou chak 100 000 pou gason epi 84.9 pou chak 100 000 pou fanm.

### Tansyon Wo (HBP) (ICD-10 I10 rive I15)

- Nan lane 2021 jiska 2023, 65.6 milyon gason ki gen 20 lane ak plis yo te fè HBP (51.6% gason yo).
- Nan lane 2021 jiska 2023, yon pousantaj ki pi elve gason pase fi yo te fè HBP nan tout kategori laj yo jiska 74 lane. Pou sila yo ki gen 75 lane ak plis yo, pousantaj fi ki fè HBP yo te pi wo pase pousantaj gason yo.
- Pami gason ki gen 20 lane ak plis yo ant lane 2021 ak 2023, 62.3% nan gason Nwa NH yo, 51.5% nan gason Ispanik yo, 50.4% nan gason Blan NH yo, epi 47.3% nan gason Azyatik NH yo te fè HBP.
- Nan gason ki fè HBP ant lane 2021 ak 2023, 21.0% nan gason Blan NH yo, 20.1% nan gason Azyatik NH yo; 16.9% nan gason Nwa NH yo, epi 17.6% nan gason Ispanik yo te genyen tansyon yo sou kontwòl.
- Nan lane 2023, 64 812 gason te mouri akòz HBP (48.8% lanmò akòz HBP).
- Nan lane 2023, to mòtalite ki ajiste selon laj pou HBP kòm kòz alabaz lanmò yo se te 35.5 sou chak 100 000 pou gason epi 28.3 pou chak 100 000 pou fanm.

### Konsomasyon ak Ekspozisyon nan Tabak ak Nikotin

- Selon done 2022 yo, konsomasyon tabak pandan tout lavi moun ki gen 12 pou rive 17 lane yo te plis elve lakay gason pase fanm yo (8.9% vs 8.4%). Pou adilt ki gen  $\geq 18$  lane yo, konsomasyon pandan tout lavi a te 54.5% lakay fanm epi 69.9% lakay gason yo.
- Pami adilt ki gen 18 lane ak plis yo nan lane 2021, 13.1% nan gason yo epi 10.1% fanm yo te aktyèl fimè, sa ki deklare konsomasyon sigarèt chak jou oswa kèk jou.
- Selon done 2024 yo, sigarèt elektwonik se te pwodui tabak ki te pi souvan itilize lakay jèn yo, avèk 7.8% nan elèv gason nan lekòl segondè yo epi 7.7% nan elèv fanm nan lekòl segondè yo epi ap konsome sigarèt elektwonik.

### Kolestewòl Elve nan San ak Lòt Lipid

- Selon done 2021 jiska 2023 yo, pami timoun ki gen 6 jiska 11 lane yo, total mwayèn pou nivo kolestewòl la te 158.3 mg/dL. Pou gason yo, li te 159.2 mg/dL; pou fanm yo, li te 157.4 mg/dL.
- Selon done 2021 jiska 2023 yo, pami timoun ki gen 12 jiska 19 lane yo, total mwayèn pou nivo kolestewòl la te 154.8 mg/dL. Pou gason yo, li te 151.9 mg/dL; pou fanm yo, li te 157.9 mg/dL.
- Pami fanm ki gen 20 lane ak plis yo nan lane 2021 jiska 2023:
  - 35.0% gason ak 37.1% fanm yo te gen nivo kolestewòl 200 mg/dL oswa pi plis.
  - 11.1% gason ak 11.3% fanm yo te gen nivo kolestewòl 240 mg/dL oswa pi plis.
  - 21.7% gason ak 6.8% fanm yo te gen lipopwoteyin dansite elve (HDL) kolestewòl mwens pase 40 mg/dL.
- Pami fanm ki gen 20 lane ak plis yo nan lane 2017 jiska 2020:
  - 25.6% gason ak 25.4% fanm yo te gen lipopwoteyin fèb dansite (LDL) kolestewòl 130 mg/dL oswa pi plis.

### Aktivite fizik

- Selon done 2022 ak 2023 yo, pousantaj jèn ki gen 0 jiska 17 lane k ap pase  $\geq 4$  h/d devan yon televizyon, òdinatè, telefòn pòtab, oswa lòt aparèy elektwonik k ap gade pwogram, k ap jwe jwèt, ki sou entènèt, oswa k ap itilize rezo sosyal yo (pa gen ladan travay lekòl) nan pifò jou lasemèn yo te 21.5%. Pousantaj la se te 22.2% pou gason epi 20.9% pou fanm yo.
- Selon done 2022 ak 2023 lakay jèn ki gen 6 jiska 17 lane yo, 22.6% gason ak 16.2% fanm yo te aktif pandan  $\geq 60$  minit chak jou nan semèn nan.
- Nan lane 2021 jiska 2023, pousantaj adolesan ki gen 12 jiska 17 lane ki te angaje nan fòmasyon fòs pifò nan jounen an oswa chak jou nan semèn nan te 44.4% gason epi 26.7% fanm.

### Twòp Pwa oswa Obèz

Itilizasyon done soti 2021 jiska 2023:

- 23.0% nan jèn gason ki gen 2 jiska 19 lane yo te obèz parapò ak 19.1% jèn fanm yo.
- Nan tout adilt ki gen 20 lane ak plis yo, 39.3% te obèz parapò ak 41.4% fanm adilt yo (prevalans ki ajiste ak laj).

### Dyabèt (ICD-10 E10 jiska E14)

- Nan 29.5 milyon adilt Etazini ki gen dyabèt ke medsen dyagnostik yo nan lane 2021 jiska 2023, 15.0 milyon te gason (11.3% nan tout adilt gason yo); lakay adilt gason yo, prevalans pou dyabèt ke medsen dyagnostike yo te 17.9% nan gason Nwa NH yo, 11.7% nan gason Ispanik yo, 11.1% nan gason Azyatik NH yo, epi 9.9% nan gason Blan NH yo.
- Nan 9.6 milyon adilt Etazini ki gen dyabèt ke medsen pa dyagnostik yo nan lane 2021 jiska 2023, 5.4 milyon te gason (4.1% nan tout adilt gason yo); lakay tout adilt gason, yo pa te dyagnostike dyabèt lakay 5.4% nan gason Nwa NH yo, 4.9% nan gason Azyatik NH yo, 4.2% nan gason Ispanik yo, epi 3.7% nan gason Blan NH yo.
- Nan 96.0 milyon adilt Etazini ki gen predyabèt nan lane 2021 jiska 2023, 53.6 milyon te gason (42.5% nan tout adilt gason yo); lakay tout adilt gason, te genyen predyabèt lakay 51.3% nan gason Ispanok yo, 40.8% nan gason Blan NH yo, 40.3% nan gason Azyatik NH yo, epi 35.2% nan gason Nwa NH yo.
- Nan lane 2023, te genyen 54 665 lanmò gason (57.4% nan tout lanmò akòz dyabèt yo).
- Nan lane 2023, to mòtalite ki ajiste selon laj pou dyabèt kòm kòz alabaz lanmò yo se te 28.4 sou chak 100 000 pou gason epi 17.3 pou chak 100 000 pou fanm.

Ou kapab telechaje fich enfòmasyon, enfografi, ak piblikasyon mizajou sou estatistik aktyèl/pase sou: [Heart and Stroke Association Statistics | American Heart Association](#) (Sit entènèt an Anglè)

Anpil estatistik ki nan fich enfòmasyon sa a soti nan tablo ki pa pibliye ki konpile pou dokiman sou Mizajou Estatistik la e yo kapab site yo apati dokiman ki endike anba a. Sous done ki itilize pou tablo yo endike nan tout dokiman an. Anplis, kèk estatistik soti nan etid ki pibliye yo. Si w ap site nenpòt nan estatistik ki nan fich enfòmasyon sa a, tanpri revize tout dokiman Estatistik sou Maladi Kè ak Konjesyon serebral pou detèmine sous done yo ak sitiyasyon orijinal yo.

American Heart Association an mande pou site dokiman sa a jan sa a konsa:

Palaniappan LP, Allen NB, Almarzoq ZI, Anderson CAM, Arora P, Avery CL, Baker-Smith CM, Bansal N, Currie ME, Earlie RS, Fan W, Fetterman JL, Barone Gibbs B, Heard DG, Hiremath S, Hong H, Hyacinth HI, Ibeh C, Jiang T, Johansen MC, Kazi DS, Ko D, Kwan TW, Leppert MH, Li Y, Magnani JW, Martin KA, Martin SS, Michos ED, Mussolino ME, Ogungbe O, Parikh NI, Perez MV, Perman SM, Sarraju A, Shah NS, Springer MV, St-Onge M-P, Thacker EL, Tierney S, Urbut SM, Van Spall HGC, Voeks JH, Whelton SP, Wong SS, Zhao J, Khan SS; nan non Konsèy American Heart Association an sou Komite Estatistik Epidemyoloji ak Prevansyon an ak Komite Estatistik sou Estwòk la. Estatistik sou maladi kè ak konjesyon serebral nan lane 2026: yon rapò sou done Etazini ak mondyal American Heart Association. *Sikilasyon*. Pibliye anliy nan dat 21 Janvyè 2026.

Tanpri voye tout demann enfòmasyon medya yo bay News Media Relations nan <http://newsroom.heart.org/newsmedia/contacts> (Sit entènèt an Anglè).